



11 me 2020

Chè fanmi,

Sante ak sekirite se premye priyorite nou, epi Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Depatman sante NYC) ak Depatman edikasyon (DOE) kontinye travay ansanm pou kenbe elèv, fanmi ak manm estaf vil la ansekirite, ansante ak enfòmè pandan epidemi viris coronavirus (COVID-19 la ap evolye.

Depatman sante Vil Nouyòk aktyèlman ap envestige sou ka Sendwòm enflamatwa multi-sistèm pedyatric (Pediatric Multi-System Inflammatory Syndrome), oswa PMIS, yon nouvo kondisyon sante ki parèt nan timoun nan Vil Nouyòk ak lòt kote. Depatman sante Vil Nouyòk ap envestige tou sou asosyasyon posib ant PMIS ak COVID-19 nan timoun. Gen kèk doktè ki panse kondisyon an gen rapò avèk lè w gen COVID-19, men koneksyon an toujou poko klè.

PMIS se yon kondisyon ra ki pa kontajye. Sepandan, piske l mete vi timoun an danje, li enpòtan pou konnen siy yo. Pifò timoun gen yon lafyèw cho, pèsistan, ki dire plizyè jou, ansanm avèk lòt sentòm, tankou:

- Iritabilite oswa mank enèji
- Vant fè mal san lòt eksplikasyon
- Dyare
- Vomisman
- Gratèl
- Konjonktivit, oswa je dradran
- Gwo gland yon bò kou
- Bouch wouj, krake oswa lang wouj ki sanble yon frèz
- Men ak pye anfle ki ka wouj tou

Ou sipoze rele doktè w si pitit ou tonbe malad epi gen yon lafyèw san rete. Doktè w la ap poze w kesyon sou sentòm pitit ou a epi l ap itilize enfòmasyon ou ba li pou rekòmande pwochen etap yo. Si pitit ou a malad grav, ou sipoze ale nan saldjans ki pi pre w la oswa rele 911 imedyatman.

Malgre yo poko konnen si wi ou non li asosye avèk COVID-19, li enpòtan pou paran ak timoun pran prekosyon pou anpeche pwopaje viris COVID-19 lan.

Paran sipoze ede pitit yo konprann enpòtans mezi sa yo epi asire pitit yo suiv yo:

- Daprè Dekrè egzekitif NYS No. 202.17, **tout moun ki gen plis pase laj de ane ki ka medikalman tolere pou yon bagay kouvri figi yo dwe mete youn lè yo deyò kay yo si yo pa ka kenbe distans fizik ak lòt moun.**
- Distans fizik ak bon ijyèn rete enpòtan anpil, menm lè figi w kouvri.
- Lè adilt ak timoun deyò kay yo, yo **dwe kenbe omwen yon distans 6 pye** ant yomenm ak lòt moun lè sa posib.
- Paran dwe fè timoun yo sonje enpòtans bon ijyèn men epi yo ta dwe ede asire timoun lave men yo souvan.

Sante ak sekirite kominote nou yo rete pi gwo priyorite nou, epi nou pral kontinye suiv tout konsèy ak pran tout mezi apwopriye pou ede kenbe elèv, fanmi, ak manm pèsònèl nou yo an sekirite. Tanpri kontakte 311 si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon



Oxiris Barbot, MD
Komisè

Depatman Sante ak
Ijyèn Mantal

Depatman sante NYC ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 5.10.2020